

REZIME
RÈGLEMAN AVI DEPATMAN TIMOUN AK FANMI FLORIDA

POU FÈ PLENT POU REZON ANDIKAP

Objektif. Chapit sa a kreye pwosedi ki menm pou tout kliyan ak fiti kliyan oswa moun ki akonpaye kliyan yo pou fè plent pou diskriminasyon kont Depatman an akòz yon andikap

a. Kliyan yo gen ladan moun ki aplike avantaj oswa moun k ap resevwa avantaj yo bay nan Depatman an, founisè ki gen kontra pou bay sèvis pou kliyan yo, sou-kontraktè to, ak founisè Swen Sante ki Baze nan Kominote.

b. Moun ki akonpaye kliyan yo gen ladan yon moun ki soud oswa ki mal pou tandé, epi ki se youn nan kategori moun sa yo:

(1) Yon moun kliyan endike ta dwe kominike avèk Depatman an konsènan Kliyan an, tankou yon moun k ap patisipe nan nenpòt desizyon pou tretman, yon moun ki jwe yon wòl nan fè konnen bezwen Kliyan an, eta sante li, istwa li, oswa sentòm li yo ba Depatman an, oswa yon moun k ap ede Kliyan an pran desizyon sou enfòmasyon, konsèy, oswa enstriksyon Depatman an bay yo.

(2) Yon moun ki gen otorizasyon legal pou pran desizyon pou swen sante oswa desizyon legal sou non Kliyan an; oswa,

(3) Moun sa a se moun Depatman an ta dwe kominike avèk li souvan ak regilyèman konsènan Kliyan an.

Vanjans. Okenn moun pa dwe entimide, menase, fè presyon oswa pratike diskriminasyon kont yon lòt moun yon fason pou vyole nenpòt dwa oswa privilèj ki pwoteje nan Seksyon 504 Lwa 1973 sou Reyabilitasyon, Lwa 1990 anfavè Ameriken Andikape (ADA), oswa nenpòt lòt lwa federal ak lwa eta sou dwa sivil, oswa paske moun ki viktim nan te patisipe nan nenpòt fason nan yon ankèt, pwosedi oswa odyans anba lwa ki endike yo.

Aranjman. Yo dwe fèt tout Moun ki fè Akizasyon yo, Temwen yo, ak lòt patisipan yo konnen dwa yo genyen pou mande aranjman rezonab pou nenpòt etap pwosesis plent lan. Tout korespondans yo bay pou patisipan yo dwe gen ladan enfòmasyon pou pran kontak pou yo fè demann aranjman yo.

Pwosesis pou Fè Plent.

a. Kliyan yo, fiti kliyan yo, ak moun ki akonpaye yo ki kwè yo te viktim diskriminasyon akòz yon andikap pandan yo t ap resevwa avantaj oswa sèvis yo ka fè yon plent alekri pou diskriminasyon an nan 180 jou ki vini apre zak diskriminasyon yo kwè y viktim nan (yo) ba:

(1) Direktè Adjwen Pèsonèl
Department of Children and Families (DCF)
Human Resources – Office of Civil Rights
1317 Winewood Boulevard
Bilding 1, Sal 110
Tallahassee, Florida 32399-0700
(850) 487-1901; oswa TDD (850) 922-9220; oswa Faks (850) 921-8470

- (2) United States Department of Health and Human Services (HHS)
 Atansyon: Office for Civil Rights (Biwo pou Dwa Sivil)
 Atlanta Federal Center, Suite 3B70
 61 Forsyth Street, SW
 Atlanta, Georgia 30303-8909
 (404) 562-7888; TDD/TTY (404) 331-2867; oswa Faks (404) 562-7881
- (3) United States Department of Agriculture (USDA)
 Atansyon: Office of Civil Rights
 Atlanta Federal Center, Suite 8T36
 61 Forsyth Street, SW
 Atlanta, Georgia 30303-3427
 (404) 562-0532; TDD/TTY (202) 720-5964; oswa Faks (404) 527-4517
- (4) United States Department of Justice (USDOJ)
 Office for Civil Rights – Office of Justice Programs
 810 7th Street, NW
 Washington, DC 20531
 (202) 307-0690; oswa TDD/TTY (202) 307-2027; oswa Faks (202) 616-9865
- (5) United States Department of Justice (USDOJ)
 Civil Rights Division– Disability Rights Section
 1425 New York Avenue
 Washington, DC 20530
 (800) 514-0301; oswa TDD/TTY (800) 514-0383
- b. Moun fè Akizasyon an dwe siyen plent lan, epi men sa plent lan dwe gen ladan:
- (1) Rezon pou plent lan.
 - (2) Non, adrès ak nimewo telefòn moun nan (Moun ki Fè Akizasyon an) ki fè plent lan.
 - (3) Non ak adrès moun oswa founisè yo fè plent kont li a.
 - (4) Deskripsyon zak diskriminasyon (yo) moun nan kwè li viktim nan ak dat li kwè yo te fè zak diskriminasyon (yo) kont li.
- c. Plent ki fèt swa nan nenpòt ajans federal ki endike anwo a depannde lwa federal ki detèmine plent sa yo. Se ajans federal ki gen jiridiksyon sou plent lan k ap pran desizyon final pou merit plent lan.

Notifikasyon Plent lan.

- a. Plent Andedan Depatman an. Depi yo resevwa yon plent alekri ki fèt dirèkteman nan Depatman an, Biwo Dwa Sivil Depatman Timoun ak Fanmi (DCF) ap voye yon avi resepsyon alekri ba Moun ki Fè Akizasyon an. Yo dwe bay avi a pou Sekretè Adjwen, Asistan Sekretè, Direktè Jeneral Rejyonal oswa Administratè Lopital apwopriye a.
- b. Plent Deyò Depatman an. Depi yo resevwa notifikasyon pou yon plent ki fèt dirèkteman nan yon ajans deyò, Biwo Dwa Sivil DCF ap fè Direktè Jeneral Rejyonal oswa Administratè Lopital apwopriye a konnen plent lan. Biwo Dwa Sivil DCF ap fè Moun ki Fè

Akizasyon an konnen se ajans deyò a k ap bay tout rechèch konsènan sitiyasyon plent lan, pa Biwo Dwa Sivil DCF.

Afektasyon Plent yo pou Mennen Ankèt.

a. Nan de (2) jou ouvrab apre yo fin resevwa yon plent, Biwo Dwa Sivil DCF ap afekte yon nimewo dosye, I ap eskane dokiman li resevwa yo, I ap antre plent lan nan Sistèm Swivi Biwo Dwa Sivil DCF, I ap fè yon afektasyon dosye pou ankèt, epi I ap antre afektasyon an nan Sistèm Suivi Biwo Dwa Sivil DCF, epitou I ap fè Ofisyè Dwa Sivil ki deziyen an konnen afektasyon an.

b. Nan ka lè gen yon konfli enterè, Direktè Resous Imèn Biwo Santral la oswa Asistan Direktè Pèsonèl la ka afekte yon lòt anplwaye Depatman an kòm anketè.

Enpòtans Ankèt la.

a. Ofisyè Dwa Sivil la/anketè a ap idantifye pwoblèm ki endike nan plent lan, epi I ap asire yo mennen yon ankèt awofondi sou tout doleyans yo apa pou rezoud chak pwoblèm ak doleyans ki endike nan plent lan.

b. Yo dwe konfime (sipòte) oswa refize (rejte) chak doleyans oswa pwoblèm ak rezon ki fè yo pran desizyon an. Omwen, chak rapò ankèt la dwe montre:

(1) Fason yo te trete Moun ki Fè Akizasyon an, ak fason li te afekte, epi pou kisa.

(2) Fason lòt yo te trete lòt moun ki nan sitiyasyon konsa, fason yo te afekte, epi pou kisa.

(3) Rezon ofisyèl yo kwè ki te pratike diskriminasyon an pou aksyon oswa tretman konsa, ak règleman ak pratik asosye yo.

(4) Si aksyon, tretman, règleman ak/oswa pratik konsa te legal ak san diskriminasyon.

(5) Pozisyon ki rekòmande pou Depatman an (Moun ki Reponn nan) anrapò avèk merit plent lan, sètadi, "kòz rezonab" oswa "san kòz rezonab," pou kwè te gen pratik diskriminasyon ilegal.

Dokiman Sipò ak Prèv.

a. Y ap itilize deklarasyon ki notarye oswa sou sèman (oswa ki konfime) pandan pwosesis ankèt la. Yon deklarasyon ki notarye se yon deklarasyon temwen an prepare pou bay yon kontrandi sou sa temwen an konnen ak sou sa li pa konnen konsènan doleyans Moun ki Fè Akizasyon an. Fòma deklarasyon sa yo endike nan seksyon 117.05, Lwa Jeneral Florida. Nan okenn sikonstans, Ofisyè Dwa Sivil la pa gen pèmisyon pou notarye yon deklarasyon ki pa siyen an prezans Ofisyè Dwa Sivil la.

b. Y ap fè entèvyou avèk moun nan yon mannyè ki san patipri oswa endependan.

c. P ap gen kontak dirèk ki fèt avèk yon Moun ki Fè Akizasyon an si plent lan fèt nan yon ajans deyò, epi sou Moun ki Fè Akizasyon an fè konnen gen yon avoka ki reprezante li. Yo dwe kontakte avoka Moun ki Fè Akizasyon an pou Mande li enfòmasyon oswa dokiman Moun ki Fè Akizasyon an dwe bay yo.

d. Yo ka pran nòt nan entèvyou pandan entèvyou a. Yo make nòt yo pran nan entèvyou aklè avèk dat la ak lè entèvyou a, epi non moun ki alatèt entèvyou ak non moun yo fè entèvyou a avèk li. Moun yo fè entèvyou a avèk li dwe siyen tout nòt entèvyou a, oswa li dwe mete inisyal li ladan yo. Si yon moun ki pa Ofisy Dwa Sivil la ap fè yon entèvyou, Ofisy Dwa Sivil dwe eseye jwenn kopi yo, oswa li dwe eseye revize ak konfime egzistans dokiman ki sipòte deklarasyon entèvyou a yo depannde yo a.

e. Yo ka itilize lòt prèv oswa enfòmasyon yo jwenn nan obsèvasyon pèsònèl yon temwen kòm prèv sipò.

f. Dokiman tankou dosye anplwaye, rapò, règ, règleman, manyèl, règleman entèn, pwosedì operasyonèl, deklarasyon notarye ak temwayaj temwen kle reprezante prèv ki akseptab.

Premye Evalyasyon Rezulta yo.

a. Ofisy Dwa Sivil la dwe evalye tout pwoblèm yo idantifye nan plent lan pou asire yo resevwa ase enfòmasyon pou rezoud chak doleyans. Yo dwe evalye enfòmasyon ak dokiman yo jwenn pandan ankèt la pou detèmine kisa yo vle di ak si yo ase kòm prèv ki kontribiye nan yon rezulta “pa gen kòz rezonab” oswa “kòz rezonab” Depatman an pou kwè te gen yon zak ilegal diskriminasyon, dapre doleyans lan.

b. Prèv ki san rezulta epi ki pa konfime, oswa temwayaj ki baze sou sa lòt moun di se yon rezon ki pa ase pou desizyon ki baze sou “kòz rezonab”. Nan sitiyasyon sa yo, rezulta yo ap “pa gen kòz rezonab”.

Soumisyon Rapò ak Evalyasyon Administratif.

a. Plent Deyò Depatman an. Y ap fin travay sou tout plent yon ajans deyò voye ba DCF pou ankèt nan 90 jou ki vini apre dat Biwo Dwa Sivil DCF resevwa plent lan. Anketè yo ap fè yon rapò ankèt la nan 45 jou ki vini apre dat afektasyon plent lan, epi y ap voye rapò a nan Biwo Dwa Sivil DCF pou evalye nan Sistèm Suivi Dwa Sivil la, apre evalyasyon legal. Biwo Dwa Sivil DCF ap fè evalyasyon li nan 45 jou ki vini apre dat li resevwa rapò a.

b. Plent Andedan Depatman an. Y ap fin fè tout ankèt sou plent ki fèt andedan depatman an nan 180 jou ki vini apre dat Depatman an te resevwa plent lan. Anketè yo ap fè yon rapò ankèt la nan 90 jou ki vini apre dat afektasyon plent lan, epi y ap voye rapò a nan Biwo Dwa Sivil DCF pou evalyasyon final nan Sistèm Suivi Dwa Sivil la, apre evalyasyon legal. Biwo Dwa Sivil DCF ap fè evalyasyon final li nan 90 jou ki vini apre dat li resevwa rapò a.

c. Evalyasyon Legal: Yo dwe fè evalyasyon legal nan twa (3) jou ki vini apre dat resepsyón pou plent ki fèt deyò Depatman an, epi nan senk (5) jou apre resepsyón pou plent ki fèt andedan Depatman an.

d. Evalyasyon Administratif.

(1) Depi yo resevwa rapò ankèt la, Biwo Dwa Sivil DCF ap evalye rapò a pou detèmine si gen yon nesesite pou jwenn lòt enfòmasyon oswa si gen nesesite pou pran mezi korektif imedyat. Depi yo fin fè evalyasyon an, y ap voye li ba Direktè Resous Imèn Biwo Santral la pou evalyasyon final ak apwobasyon.

(2) Si yo kwè rapò ankèt la pa ase, y ap retounen rapò a ba anketè a pou li travay sou li ankò. Yo ka note kòmantè sou evalyasyon an alekri pou ede gide nenpòt lòt travay k ap fèt sou plent lan.

Demann Eksepsyon ak Pwolongasyon. Ofisyè Dwa Sivil la ka kontakte Asistan Direktè Pèsonèl pou Dwa Sivil la pou fè Demann pou eksepsyon nan pwosedi ki dekri nan pwosedi operasyonèl yo, oswa pwolongasyon tan ki nesesè pou fè rapò ankèt la. Demann sa yo ap gen ladan rezon pou eksepsyon yo oswa pou pwolongasyon yo; nenpòt tan siplemantè ki nesesè; dat ki prevwa pou fini ankèt la; ak nenpòt lòt kalite pwosedi oswa aksyon ki rekòmande. Ofisyè Dwa Sivil la ap kontakte Asistan Direktè Pèsonèl la pou Dwa Sivil la lè:

- a. L ap mande asistans teknik.
- b. L ap mande yon pwolongasyon dat limit pou rapò ankèt la.
- c. Anketè yo kontakte li deyò ajans lan.
- d. Gen yon doleyans sendika ki annatant.
- e. Ka sanble gen yon konfli enterè oswa lòt nesesite pou re-afekte responsablite pou ankèt la.
- f. Yo te kòmanse konfli sou non Moun ki Fè Akizasyon ki asosye avèk plent lan.
- g. Demann eksepsyon, oswa anilasyon nan pwosedi yo kreye oswa nan egzijans pou bay rapò yo.

Desizyon ak Dispozisyon sou Plent yo. Selon rapò ankèt la, rezulta ak rekòmandasyon yo, Asistan Direktè Pèsonèl pou Dwa Sivil la ap detèmine pozisyon Depatman an anrapò avèk chak plent.

a. Plent Andedan Depatman an.

(1) Si gen yon rezulta "pa gen kòz rezonab", y ap anile plent lan, epi y ap fèmen dosye a. Y ap fè Moun ki Fè Plent lan ak moun ki apwopriye yo konnen rezulta a ak fèmti dosye a. Si Moun ki Fè Plent lan pa dakò avèk rezulta a, li ka fè yon plent deyò Depatman an nan youn nan ajans ki endike anwo a.

(2) Si gen yon rezulta "kòz rezonab" oswa si yo bay yon Lèt pou Vyolasyon, Biwo Dwa Sivil DCF ap fè konsilyasyon avèk pati oswa moun ki apwopriye yo.

b. Plent Deyò Depatman an.

(1) Si Depatman an mwen "pa gen kòz rezonab", Biwo Dwa Sivil DCF ap prepare yon deklarasyon sou pozisyon li pran pou sipòte rezulta a, epi l ap soumèt deklarasyon an ansanm avèk dokiman sipò yo ba ajans deyò k ap pran desizyon oswa dispozisyon final pou plent lan.

(2) Si Depatman an jwenn "kòz rezonab" oswa si li yo bay yon Lèt pou Vyolasyon, l ap fè konsilyasyon avèk moun ki apwopriye yo.

(3) Si ajans deyò a bay yon Lèt pou Vyolasyon, oswa si li jwenn "kòz rezonab", ajans deyò a ap fè konsilyasyon ki kowòdone andedan nan Biwo Dwa Sivil DCF avèk ofisyèl Depatman apwopriye a.

Restriksyon sou Itilizasyon Enfòmasyon yo.

- a. Enfòmasyon ki nan rapò ankèt la se enfòmasyon sekrè dapre 119.071(2)(g)1.a., Lwa Jeneral Florida. Men, depi yo detèmine pozisyon Depatman an ak pozisyon ajans lan, yo ka jwenn sèten dokiman nan pwosesis dekouvèt lè y ap fè plent, oswa enfòmasyon yo ka disponib pou Moun ki Fè Akizasyon an.
- b. Yo dwe voye tout demann pou evalyasyon dokiman oswa rapò ankèt la ba Asistan Direktè Pèsonèl pou Biwo Dwa Sivil DCF, ki se responsab ofisyèl pou konsève rapò sa yo.